

ISTWA AK JEYOGRAFI JENERAL

Vandredi 27 Janvyè 2012 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl la ak lèt detache sou liy ki anwo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou pap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.

Premye Laj Fè nan Afrik



Sous: Philip Curtin et al., *African History: From Earliest Times to Independence*, Longman (adapte)

1 Ki deklarasyon ki sipòte nan enfòmasyon yo bay sou kat jeyografik sa a konsènan premye Laj Fè an Afrik?

- (1) Anvan ane 300 anvan Jezi-Kri, min fè yo te egziste sèlman nan vale rivyè yo.
- (2) Teknoloji fè a te simaye ant lwès ak lès.
- (3) Plizyè min fè te gwoupe nan rejyon Nijè.
- (4) Pifò min fè ki an Afrik yo te nan rejyon sid Sahara.



2 Yon sous primè konsènan Revolisyon Franse se

- (1) yon kontrandi temwen-kle yon prizonye nan Labastiy
- (2) yon atik ansiklopedi konsènan Rèy Laterè
- (3) yon dènye byografi Robespierre
- (4) yon film konsènan Louis XVI

3 Nan yon ekonomi mache senp, kimoun ki detèmine ki machandiz ak sèvis pou yo pwodui, epi nan ki kantite?

- (1) ajans gouvènman
- (2) konsomatè ak pwodiktè
- (3) yerachi legliz
- (4) bank yo ak katèl yo

Sèvi ak foto ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 la.

<p>Teras na sid vale rivyè chinwa yo.</p>  <p>Sous: Bentley and Ziegler, <i>Traditions & Encounters, A Global Perspective on the Past</i> McGraw Hill, 2006</p>	<p>Teras nan vil Enka ki nan Macchu Picchu.</p>  <p>Sous: StevenTuriano, 1984</p>
--	---

- 4 Foto sa yo endike moun Lachin yo ak moun Pewou antik yo te modifiye chanjman yo pou
- (1) kreye wout komèsyal ki efikas
 - (2) ogmante kantite tè ki disponib pou agrikilti
 - (3) deplase gwo kantite dlo pou mete yo nan vil yo
 - (4) ofri yon defans ki efikas

- 5 • Kaboul se kapital Afganistan.
 • Lend gen fwontyè komen avèk Pakistan, Lachin ak Bangladèch.
 • Pifò gran vil Lachin yo chita nan pati lès peyi a.

Ki kalite kat jeyografik ki ta pi itil pou verifiye tout enfòmasyon sa yo?

- | | |
|-------------|------------------------|
| (1) politik | (3) itilizasyon tè |
| (2) klima | (4) dansite popilasyon |

- 6 Ki sistèm kwayans ki egzije pou fidèl yo fè jèn pandan Ramadan, pou yo lapriyè senk (5) fwa pa jou, epi pou yo fè yon pelerinaj nan Meka?

- | | |
|---------------|--------------|
| (1) Jidayis | (3) Islam |
| (2) Krisyanis | (4) Endouyis |

- 7 Ki deklarasyon konsènan Lagrès antik ki se yon lide pèsònèl alaplas yon reyalite?

- (1) Teren montay se te yon anpèchman pou inite politik grèk.
- (2) Kilti espasyat la te konsantre sou ladrès militè.
- (3) Atèn te akòde dwa pou vote pou sitwayen gason yo sèlman.
- (4) Achitekti grèk te pi bon pase achitekti pès.


- 8 Dezè Thar, Rivyè Ganges, ak Plato Deccan, yo tout se patikularite jeyografik

- | | |
|------------|--------------|
| (1) Japon | (3) Lend |
| (2) Lachin | (4) Endonezi |

- 9 Ki filozofi ki pi asosye sitou avèk devlopman sistèm sèvis sivil Lachin?
- (1) legalis
 - (2) Boudis
 - (3) Dawoyis
 - (4) Konfisyanis
- 10 Lanpi Bizanten te enfliyanse devlopman Lawisi lè li
- (1) te anpeche envazyon Mongòl yo
 - (2) detwi pouvwa lejislati a
 - (3) kreye pòm detè kòm yon danre debaz
 - (4) entwodui kwayans òtodòks oryantal
- 11 Yon rezon ekonomik pou enstitisyon esklavaj la se te pou toujou gen
- (1) yon pèp ki edike
 - (2) yon mendèv ki estab
 - (3) komès aletranje
 - (4) inifòmite relijye
- 12 Yon efè Kwazad yo alontèm se te
- (1) devlopman Pax Mongolia
 - (2) chite dinasti Ming
 - (3) kontwòl Ewopeyen yo sou Jerizalèm
 - (4) devlopman komès ak ti vil yo nan Ewòp-de-Lwès
- 13 Yon fason feyodalis japonè a pandan chogoun Tokugawa te diferan avèk feyodalis ewopeyen an sèke pandan peryòd feyodalis japonè sa a
- (1) pouvwa politik la te pi santralize
 - (2) yo te kontan wè misyonè etranje yo
 - (3) yo te kapote lanperè yo nan koudeta
 - (4) pifò komèsan rich yo te kapab rive nan klas sosyal siperyè
- 14 Wayòm Gana, Mali, ak Songhai te fè pwogrè sitou akòz
- (1) echanj yo avèk pò endyen yo
 - (2) aksè dirèk yo nan Lanmè Arabi a
 - (3) kontwòl yo te genyen sou wout komèsyal yo
 - (4) anpil kantite dyaman
- 15 Kijan Revolisyon Komèsyal la te chanje pratik ekonomik yo an Ewòp?
- (1) Yo te kreye sistèm seyè a.
 - (2) Yon ekonomi kapitalis te devlope.
 - (3) Legliz te vin yon gwo pouvwa ekonomik.
 - (4) Yo te bay koloni yo endepandans.
- 16 Yon enpak laprès ekri Gutenberg te genyen sou Ewòp-de-Lwès se te
- (1) pwopagann lide Martin Luther yo
 - (2) yon diminisyon nan kantite inivèsite yo
 - (3) yon bès nan alfabetizasyon
 - (4) inifikasyon Lanpi Sen Women an
- 17 Kisa ki te yon rezilta efò Prens Anri peyi Pòtigal, Kristòf Kolon, ak Fèdinan Majelan?
- (1) Yo te detèmine enpòtans wout komèsyal mediteraneyen yo.
 - (2) Yo te ankouraje konsèp modèn dwa moun inivèsèl.
 - (3) Yo te transfòme pwendvi ewopeyen sou momn fizik la.
 - (4) Yo te ankouraje yon entèpretasyon avantaj divèsite kiltirèl.
- 18 Sistèm encomienda panyòl nan Amerik yo te lakòz
- (1) ranfòsman kilti endijèn yo
 - (2) endepandans politik pou koloni yo
 - (3) eksplwatasyon endijèn yo
 - (4) libète relijyon pou majorite peyizan yo
- 19 Ki estrikti klas kolonyal rejyon ki te gen ladan penensilè yo, kreyòl yo, ak metis yo?
- (1) Ewòp-de-Lwès
 - (2) Afrik sib-saharyen
 - (3) Azi-de-Lès
 - (4) Amerik Latin
- 20 Yon resanblans nan politik Louis XIV ak politik Suleiman the Magnificent sèke dirijan yo
- (1) te agrandi lanpi yo nan Amerik yo
 - (2) te ankouraje devlopman demokrasi a
 - (3) te ogmante pouvwa gouvènman santral yo
 - (4) te aboli biwokrasi a

- 21 Oliver Cromwell te alatèt Revolisyon Piriten an nan peyi Angletè kòm repons pou
- (1) adopsyon Deklarasyon Dwa Moun
 - (2) règ otokratik wa a
 - (3) aplikasyon mèkantilis
 - (4) defèt Armada Panyòl

Sèvi ak imaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 a.



- 22 Kimoun ki te sipòte teyori ki reprezante nan imaj sa a?
- | | |
|--------------|-------------|
| (1) Socrates | (3) Dante |
| (2) Ptolemy | (4) Galileo |

- 23 Ki pwoblèm ki te yon kòz Revolisyon Franse a?
- (1) règ Napoleon Bonaparte ki pa t efikas
 - (2) nasyonalizasyon Legliz
 - (3) endiyasyon poutèt Komite Sekirite Piblik te itilize giyotin
 - (4) demann Twazyèm Eta pou plis pouvwa politik

- 24 Yon rezon prensipal ki fè Revolisyon Endistriyèl la te devlope nan Grannbretay nan ane 1700 yo se te akòz
- (1) karakteristik jeyografik Grannbretay
 - (2) politik imigrasyon Grannbretay
 - (3) itilizasyon adaptasyon kolektif Grannbretay
 - (4) aksè nan petwòl Grannbretay enpòte

- 25 • Toussaint L'Ouverture
• Bernardo O'Higgins
• José de San Martín

Moun sa yo te gen pi gwo enpak yo sou

- (1) inifikasyon Itali
- (2) mouvman pou endepandans nan Amerik Latin
- (3) mouvman Ziyonis
- (4) Kont-Refòm Katolik

- 26 Kisa ki se yon gwo kwayans ki asosye avèk Maksis?

- (1) Pwoletarya a ta ogmante epi kapote boujwazi a.
- (2) Relijyon ta pi enpòtan pase fòs politik yo.
- (3) Yo ta dwe ogmante posesyon pwopriyete prive.
- (4) Peyizan yo ta gen kontwòl mache aletranje yo.

- 27 Konferans Bèlen nan ane 1884 te enpòtan paske li

- (1) te sipòte Bèljik kòm yon puisans mondyal
- (2) te kreye règ pou divizyon ewopeyen sou Afrik
- (3) te mande yon lagè kont Angletè
- (4) te asire amoni etnik nan Mwayennoryan an

- 28 Japon te kòmanse yon politik enperyalis agresif nan fen 19yèm syèk la ak nan kòmansman 20yèm syèk la paske Japon

- (1) te bezwen matyè premyè pou izin li yo
- (2) te swete simaye Shinto
- (3) t ap chèche teknoloji oksidantal
- (4) te vle vanjans pou Lagè Opyòm yo

- 29 Kòz imedyat Premye Gè Mondyal la se te

- (1) ansasinay Achidik Ferdinand
- (2) Alyans Japonè avèk Almay
- (3) trete nan Vèsay
- (4) envazyon Almay nan Lapòlòy

- 30 Revolisyon Bòlchevik 1917 nan Lawisi te fèt anpati akòz
- (1) yon grangou fòse nan Ikrèn
 - (2) echèk Za Nicholas II pou pote sekou pou jwenn èd Lasèbi
 - (3) yon mank materyèl militè ak manje pandan Premye Gè Mondyal la
 - (4) kreyasyon Politik Ekonomik Tounèf (NEP) Lenin

- 31 Yon fason Kemal Atatürk peyi Latiki ak Cha Reza Pahlavi peyi Iran sanble sèke toulède dirijan yo
- (1) te egzekite pwogram pou modènize nasyon yo
 - (2) te sipòte plis dwa pou minorite etnik yo
 - (3) te adopte politik non-aliyman
 - (4) te kreye teyokrazi ki baze sou Islam

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 a.

...Pèp alman an pa t janm gen plis pitye pase lè yo te pare ak obsève bagay sa a ki fèt la. Pou atakan yo te kite pèdi nan lari yo epi yo te bay yon jou pou satisfè [sede] pi ba ensten mekanste ak vanjans se te yon fòs lame lenmi. Okenn anvayisè etranje pa t kapab plis pase mal. Se Almay nan moman gwo defèt li, pi bon laviktwa avèk sa ki pi mal la. Alòske anpil moun t ap pwoteste nan endiyasyon, epi anpil milyon moun te dwe dekouraje ak gen lawont pou krim ki fèt nan non yo, anpil lòt moun t ap gade yon fason kalm oswa yon fason ki montre yo dakò, pandan chasè yo t ap fè lachas, epi pandan demolisè yo t ap travay. Gen istwa manman ki te mennen pitit yo wè plezi a....

— *New York Times*, November 12, 1938

- 32 Pasaj 1938 la kritike moun Almay yo ki pa t
- (1) patisipe nan manifestasyon sa yo
 - (2) kondane zak vyolan Kristallnacht
 - (3) sipòte politik gouvènman an nan Otrich
 - (4) reziste kont efò lagè a

- 33 Ki yon karakteristik jeyografik Almay ki te enfliyanse rezilta Premye Gè Mondyal la ak Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) Topografi montay yo te pwoteje Almay kont pati opoze a.
 - (2) Yon mank rivyè navigab nan Almay te ralanti transpò a.
 - (3) Pò ki ekselan yo te pèmèt Almay pote laviktwa sou fòs naval Grannbretay yo.
 - (4) Pozisyon santral li nan Ewòp te lakòz Almay te dwe batay sou de (2) fwon.

- 34 Ki evènman ki te rive an dènye nan istwa soukontinan endyen *an dènye*?
- (1) Mach Sèl
 - (2) Masak Amritsar
 - (3) kreyasyon Pakistan
 - (4) Rebelyon Sepòy

- 35 Nan peryòd–tan apre Dezyèm Gè Mondyal la, objektif Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) ak Pak Vasovi se te pou
- (1) dekouraje tolerans relijyon
 - (2) kreye yon alyans militè
 - (3) ankouraje endepandans ekonomik
 - (4) elimine koripsyon politik

- 36 Fidel Castro te gen siksè nan dirije yon revolisyon nan Kiba paske li te jwenn sipò
- (1) pwopriyetè tè rich yo
 - (2) ofisyèl gouvènman an
 - (3) kiltivatè peyizan yo
 - (4) envestisè etranje yo

- 37 Ki nasyon Azi-di-Sid ki te batay nan lagè kont Japon, Lafrans, ak Etazini pandan 20yèm syèk la?
- (1) Myanmar (Burma)
 - (2) Tayland
 - (3) Filipin
 - (4) Vyetnam

- 38 Ki peyi ki te anba dominasyon Pòlpòt ak Khmè Wouj?
- (1) Afganistan
 - (2) Kazakstan
 - (3) Kanbòdj
 - (4) Bangladèch

- 39 Objektif primè pwotestasyon elèv yo nan Tiananmen Square (1989) se te pou
- (1) sipòte politik Pati Kominis Chinwa a
 - (2) diminye kantite enfliyans Oksidental la nan Lachin
 - (3) ankouraje devlopman endistriyalizasyon toupatou nan Lachin
 - (4) ogmante libète ak dwa politik nan Lachin

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 40 lan.

...Nou pote laviktwa nan efò pou bay lespwa pami anpil milyon pèp nou yo. Nou fè yon alyans [akò] ki dwe bati sosyete a kote tout Sid Afriken yo, moun nwa ak moun blan, ap kapab mache dwat, san okenn laperèz nan kè yo, avèk asirans dwa yo pa kapab pèdi pou diyite imen yo—yon nasyon lakansyèl ki nan lapè avèk tèt li ak lemond....

— Nelson Mandela, excerpt from Inaugural Address

- 40 Prezidan Afrik-di-Sid la ki te fèk pase nan eleksyon te di pawòl sa yo nan ane 1994 pou bay konpliman poutèt konpatryòt li yo te rejte
- | | |
|------------------|---------------|
| (1) nasyonalis | (3) apated |
| (2) Panafrikanis | (4) demokrasi |
-

- 41 Politik Inyon Ewopeyen (EU) ak Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA) te lakòz
- (1) yon ogmantasyon nan entèdepandans
 - (2) ogmantasyon totalitaris
 - (3) yon amelyorasyon nan efò pou limite devlopman kominis
 - (4) sipò pratik izolasyonis

- 42 Ki pwoblèm ki te souleve enkyetid pou anviwònman an nan Basen Amazòn nan?
- | | |
|--------------------|-------------------|
| (1) dezètifikasyon | (3) menas sounami |
| (2) debwazman | (4) lapli asid |

- 43 Anpil syantifik kwè rechofman global se rezilta dirèk
- (1) itilizasyon pano solè
 - (2) brili fosil konbistib
 - (3) pwodiksyon enèji nikleyè
 - (4) pwodiksyon enèji idwo-elektrik

- 44 Iran ak Kore-di-Nò te atire atansyon lemond nan kòmansman 21yèm syèk la, paske toulède te
- (1) fè eksperyans grangou jeneral
 - (2) dekouvri rezèv petwòl
 - (3) ranfòse pratik imanité yo
 - (4) devlope mwayen nikleyè

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.


...Dokiman ki tèlman brikole avèk dezespwa ansanm te ekstrawòdinè nan kontou li ak nan senplisite li. San li pa t janm endike wa, noblès oswa legliz, li te deklare “dwa natirèl, dwa yo pa kapab retire ak dwa sakre moun” fèt pou se baz tout gouvènman. Li te afekte dwa granmoun pou nasyon an, pa pou wa a, epitou li te pwononse tout moun egalego devan lalwa, kidonk pou louvri pozisyon pou moun ki gen talan ak merit, epi tasitman pou elimine tout privilèj ki baze sou nesans. Pi enpresyonan pase nenpòt garanti patikilye, men, li te fè reklamasyon yo vin inivèsèl. Referans nan “moun yo,” “moun,” “chak moun,” “tout moun,” “tout sitwayen,” “chak sitwayen,” “sosyete,” epi “tout sosyete” te fè parèt sèl referans lan toupiti nan pèp franse a....

— Lynn Hunt, *Inventing Human Rights: A History*, W.W. Norton & Company

- 45 Pasaj sa a diskite sou ideyal ki pi asosye dirèkteman avèk
- (1) Lajdò Islam
 - (2) Rèy Charlemagne
 - (3) Refòm
 - (4) Syèk Limyè
-

- 46 Yo konsidere Revolisyon Neyolitik la souvan kòm yon pwen enpòtan nan listwa paske
- (1) izin yo te kòmansè itilize teknik chèn montaj
 - (2) nouvo envansyon ki te lakòz eksplorasyon aletranje
 - (3) yo te devlope lòt posiblite pou fè lachas ak pou keyi danre
 - (4) itilizasyon angrè chimik te ogmante pwodiksyon danre agrikòl

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.



Sous: Facts on File, Inc. (adapte)

47 Ki konsèp ki pi asosye sitou avèk kat jeyografik Azi sa a?

- | | |
|-----------------|-----------------------|
| (1) non-aliyman | (3) kolonizasyon |
| (2) ibanizasyon | (4) divilgasyon kilti |


48 Yon fason komès esklav Atlantik la ak dyaspora jwif la sanble sèke toulède

- (1) te fòse pèp yo imigre
- (2) te ankouraje devlopman layisis
- (3) te kreye kondisyon ki te lakòz Afwontman
- (4) te lakòz chit Konstantinòp

49 Peter the Great se pou Lawisi menm jan Lanperè Meijise pou

- | | |
|-------------|----------|
| (1) Mongoli | (3) Lend |
| (2) Japon | (4) Kore |

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.



Sous: Simon Adams et al., *Illustrated Atlas of World History*, Random House, 1992 (adapte)

50 Ki pè dirijan ki asosye avèk rejyon ki endike an gri fonsè sou kat jeyografik sa a?

- (1) Zheng He ak Deng Xiaoping
 - (2) Miguel Hidalgo ak Augusto Pinochet
 - (3) Hammurabi ak Saddam Hussein
 - (4) Catherine the Great ak Vladimir Putin
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon kòz pou sa; montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman—Moun

Pandan tout listwa, plizyè sikonstans te fè moun yo devlope oswa modifye lide. Lide sa yo te afekte sosyete yo souvan.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** moun nan etid istwa jeneral, epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te fè moun nan devlope oswa modifye yon lide
- Eksplike yon mezi moun sa a te pran kòm yon rezilta lide sa a
- Diskite kijan lide moun sa a te afekte yon sosyete

Ou ka itilize nenpòt moun nan etid istwa ak jeyografi jeneral ou. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere Pericles, Martin Luther, Queen Elizabeth I, Toussaint L’Ouverture, Karl Marx, Mohandas Gandhi, Jomo Kenyatta, Mao Zedong, Mikhail Gorbachev, ak Mother Theresa.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize yon moun nan Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, anpil sosyete te ini epi yo te kontwole rejyon ki itilize sistèm transpò. Sistèm sa yo gen ladan *wout*, *kannal*, ak *chemennfè*.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de (2)* sistèm transpò ki endike nan kontèks istorik, epi pou *yo chak*

- Eksplike kijan plizyè sosyete te ini *epi/oswa* te kontwole rejyon yo avèk sistèm transpò a

Pa itilize sistèm wout, sistèm kannal, oswa sistèm chemennfè ki nan Etazini nan repons ou.

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:

eksplike vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon kòz pou sa; montre devlopman lojik oswa relasyon”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Objektif ak Kalite Wout Women yo

Pou kisa Women yo te konstwi wout yo? Women yo te konsidere yon sistèm transpò byen òganize ak efikas kòm yon potansyèl pou bon jan administrasyon; sètadi yon eleman endispansab nan kreye ak antreteni leta women an. Yo te konstwi premye otowout oswa wout prensipal yo pou fòs lame itilize, epi avantaj ekonomik otowout yo pou sivil yo te vin yon efè segondè kèk tan apre, men se pa t rezon prensipal pou kreyasyon yo. Kalite wout yo te kreye pou fòs lame te kontinye enpòtan lè Women yo t ap vin gen plis teritwa deyò Itali. Nan pwovens Arabia Petraea (ki te gen ladan sa ki rele Jòdani kounye a), mouvman twoup yo ak kominikasyon fasil pou fòs lame a ak administrasyon women an se te rezon prensipal pou konstwiksyon Via Nova, youn nan anpil viae militares oswa wout militè yo te konstwi nan pwovens ki te sou kontwòl yo. Men, wout lokal ki pi piti, pi kout ak byen konstwi (actus) oswa chemennfè (callis) te ogmante nan teritwa a tou apre yo te mete li sou kontwòl Women yo. Malgre sa, otowout piblik prensipal yo (viae publicae) te kòmanse nòmalman sou fòm wout militè yo, epi yo te sèlman evolye ofi-amezi pou vin pasaj sivil [pasaj etwat].

Sous: Virtual Karak Resources Project, An Appalachian College Association (adapte)

- 1 Selon ekstrè sa a nan Pwojè Resous Virtual Karak, ki **yon** fason ki fè Women yo te itilize wout pou kontwòl lanpi yo? [1]

Score

Dokiman 2

...Nou kapab sèlman etone pou wè kijan Sapa Inca [dirijan prensipal] te gen ladrès pou kontwole gwo pwopriyete li, ki te separe non sèlman sou distans long, men tou avèk gwo chanjman nan altitud la. Enjenyè Enka yo te devlope yon gwo sistèm wout sou kèk nan pifò teren kòryas sou tè a, yon ansanm [rezo] otowout ak chemennfè ki te kouvri yon gwo distans 19,000 mil (30,000 km). Yo pa t janm kapab kreye lanpi Enka a san sistèm kominikasyon sa a ki te itilize pou transpò ofisyèl enpòtan yo, pou korespondans gouvènman, pou fòs lame yo nèt, epi pou tout kalite danre ak machandiz komèsyal. Konstwiksyon wout yo te kòmanse lontan anvan epòk Enka yo, paske premye eta yo tankou Chimor sou lakòt la te bezwen konekte anpil ak yon pakèt kiltivatè nan vale ki te separe sou gwo distans. Men Enka yo te fè gwo ogmantasyon nan rezo a. Rezo ki te fòme a se te yon estrikti konseptyèl pou fabrikan *quipu* yo, ki te itilize sekans espas ki sou wout yo pou konekte diferan zòn yo youn ak lòt. Antwopològ John Murra te rele wout sa yo “drapo” eta Enka a, paske yo te reprezante yon koneksyon trè vizib ant moun yo ak gouvènman santral ki lwen an. Menm rezo kominikasyon an te ede defini aliyman senbolik yo, konekte otèl sakre yo avèk Tanp Solèy nan Cuzco, epi menm separe diferan gwoup moun ki t ap viv toupre kapital la....

Sous: Brian M. Fagan, *Kingdoms of Gold, Kingdoms of Jade: The Americas Before Columbus*, Thames and Hudson

2 Selon Brian M. Fagan, ki **de (2)** fason Enka yo te itilize wout yo pou ini lanpi yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3a


Chogoun Tokugawa te vin konprann kijan li enpòtan pou toujou gen kontak avèk pwovens lwen yo ki nan Japon. Tōkaidō se otowout ki pi enpòtan li a.

...Pètèt itilizasyon wout ki pi enpòtan an se te pou gouvènman an kominike avèk pwovens yo. Mesaje ofisyèl yo te vwayaje apye, sou cheval (lè gen lagè), ak sou branka. Gouvènman an te itilize yon sistèm relè pou mesaje yo, avèk larelèvan nan chak sèt (7) *li* [3.9 km]. Mesaje gouvènman an te gen priorite sou nenpòt lòt kalite vwayajè. Yo te gen premye aksè nan feri yo pou travèse rivyè yo toutolon wout la, epitou yo te kapab travèse baryè wout gouvènman an san pwoblèm nenpòt lè nan lajounen oswa lannwit. Sitwayen prive yo pa t gen pèmasyon pou vwayaje lannwit; yon seri baryè ak pòs kontwòl toutolon wout la te anpeche yo fè sa....

Sous: Patricia J. Graham, "The Political and Economic Importance of the Tōkaidō," *Tōkaidō: Adventures on the Road in Old Japan*, University of Kansas Spencer Museum of Art (adapte)

Dokiman 3b

Estasyon Relè: Hōeidō #53



...Isit la, yon nonm ap monte nan yon "branka rapid," pou kenbe yon kouwa paske li pè tonbe. Moun k ap pote branka sa yo ta chanje nan estasyon relè yo, men moun ki nan branka k ap transmèt mesaj la ta sipòte deplasman fatigan li jouk lè li te rive kote li te prale, epitou li te kapab transmèt mesaj sekre li an pèsòn.

Sous: Patricia J. Graham, "The Political and Economic Importance of the Tōkaidō," *Tōkaidō: Adventures on the Road in Old Japan*, University of Kansas Spencer Museum of Art (adapte)

3 Selon Patricia J. Graham, ki **de (2)** fason Tokugawa te kontwole itilizasyon Wout Tōkaidō? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Gran Kannal Lachin

...Grann Kannal te jwenn plis atansyon pase lòt wout navigab yo, paske li te reprezante wout prensipal ki mennen nan vil kapital la. Ofisyèl yo te itilize li pou vwayaje pou ale nan tribinal. Sitou, objektif li se te pou charye sereyal ki sòti nan sid pou pote nan nò. Yo te peye taks nan diri yo te itilize pou bay moun manje nan tribinal, epitou lajan taks sèvi pou peye salè travayè ak fòs lame.

Nan moman lè yo te neglije kannal la, yo te dwe pase sou lanmè pou pote sereyal yo nan nò. Men vwalye yo te ekspoze nan tanpèt ak pirat. Menm lè bato-a-vapè yo t ap pote sereyal sou lakòt la, yo te kontinye ap pote sereyal sou Grann Kannal jouk nan ane 1901, paske aktivite sa a te bay djòb pou anpil moun....

Sous: Lyn Harrington, *The Grand Canal of China*, Rand McNally & Company

4 Selon Lyn Harrington, ki **de (2)** rezon ki fè Gran Kannal te enpòtan pou Chinwa yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5

Tenochtitlán: Vil Kapital Aztèk yo


- Kannal yo te travèse Tenochtitlán.
- Kannal yo te sèvi kòm ri prensipal vil la.
- Kannòt komèsan yo te poze machandiz nan mache prensipal vil la, Tlatelolco.
- Yo te pote tribi sou fòm lò, ajan, bèl plim, kakawo, papye kòs bwa, ak viktim pou sakrifis imen nan Tenochtitlán sou kannal yo.

5 Selon dokiman sa a, endike **yon** fason kannal yo te enpòtan pou fonksyònman kapital aztèk Tenochtitlán. [1]

Score

Dokiman 6a

Wout Bato-a-Vapè, apeprè nan ane 1914



Sous: Abrams and Thurston, *World Geography*, Iroquois Publishing (adapte) ak Patrick K. O'Brien, ed., *Oxford Atlas of World History*, Oxford University Press (adapte)

Dokiman 6b

Distans Chanjman yo ant Lond ak Lès		
	<u>Sou wout Kap la</u>	<u>Sou wout Kannal la</u>
Lond-Bombay	19,755 km	11,619 km
Lond-Calcutta	22,039	14,970
Lond-Sengapou	21,742	15,486
Lond-Hong Kong	24,409	18,148
Lond-Sydney	23,502	22,493

Sous: Daniel R. Headrick, *The Tentacles of Progress: Technology Transfer in the Age of Imperialism, 1850–1940*, Oxford University Press (adapte)

6 Selon dokiman sa yo, endike **yon** fason Kannal Syèz la te amelyore chajman machandiz ak twoup Grannbretay yo nan lanpi li a nan Lès. [1]

Score

Dokiman 7

Jeneral Moltke te kwè chemennfè yo ta kontribiye nan efò militè prisyen Otto von Bismarck te fè nan ane 1860 yo.

...Chemennfè yo te ofri nouvo opòtinite estratejik. Yo te kapab pote twoup yo sis (6) fwa pi vit pase fòs lame Napoleon [1808–1812] te mache, epitou règ debaz tout estrateji a, tan ak espas, te parèt pou premye fwa. Yon peyi kote yon sistèm kominikasyon sou chemennfè ki trè devlope te vin gen avantaj enpòtan epi pètèt avantaj desizif nan lagè. Vitès mobilizasyon ak ritm konsantrasyon fòm lame yo te vin yon faktè enpòtan nan kalkil estratejik yo. Kidonk, dèle pou mobilizasyon ak rasanbleman, ansanm avèk premye lòd pou mach la, apati kounye a te fòmè baz plan estratejik ekip militè yo fè lè yo prevwa lagè....

Sous: Hajo Holborn, "Moltke's Strategical Concepts," *Military Affairs* (adapte)

- 7 Selon Hajo Holborn, pou kisa jeneral Moltke te konsidere chemennfè yo kòm enpòtans estrateji pou efò militè prisyen Bismarck t ap fè yo? [1]

Score

Dokiman 8

Yon moniman ki dirab pou enperyalis britanik lan nan Lend se sistèm chemennfè endyen an, ki, nan moman endepandans lan nan ane 1947, te gen plis kilometraj chemennfè pase sa ki nan nenpòt leta ewopeyen, epi mwens kilometraj chemennfè pase sèlman Etazini, Kanada, ak Inyon Sovyetik. Yo te konstwi premye chemennfè a nan Lend nan ane 1850, epi nana ne 1915, Lend te genyen pi plis pase karant mil (40,000) mil chemennfè, ak apeprè san milyon pasaje tren chak ane. Konstriksyon chemennfè endyen an te jwenn sipò plizyè gwoup puisan: Manifakti koton britanik yo, pou yomenm chemennfè yo se te yon fason ki mwen chè ak efikas pou mennen chajman koton sou lakòt la pou ekspedye li nan Angletè; endistriyèl britanik yo, ki t ap founi Lend pifò chemennfè li yo, lokomotiv li yo, wotasyon estòk [wagon], ak ekipman; ofisyèl kolonyal yo, ki te konsidere chemennfè yo kòm yon fason pou deplase twoup yo pi rapid pou mennen yo nan zòn ki gen dezòd yo ak yon pati enpòtan sistèm lapòs endyen; epitou anpil milyon Endyen, ki te fè vwayaj nan tren avèk gwo anpresman [aktivite], sa ki te etone Britanik yo....

Sous: Andrea and Overfield, *The Human Record: Sources of Global History*, Houghton Mifflin

8 Selon Andrea ak Overfield, kisa **de (2)** fason Britanik yo te itilize chemennfè yo nan Lend? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 9

...Nan Afrik twopikal, pandan yon epòk Franse yo se te konstriktè chemennfè ki te pi dinamik. Nan ane 1879, yon ti tan apre kòmansman penetrasyon Lwès Soudan, yo ye fè plan pou yon chemennfè depi nan andedan Senegal. Yo te inogire premye liy yo nan ane 1885 ant Saint-Louis ak Daka, yon distans 163 mil. Yo te kòmanse yon lòt liy nan ane 1881, ant Kayes sou Rivyè Senegal ak Koulikoro sou pati anwo Nijè, epi yo te fini li nan ane 1906; se te sitou yon liy militè ki te gen objektif pou mennen twoup yo nan teritwa ki pa t sou kontwòl yo. Ant ane 1899 ak ane 1914, yo te konstwi yon lòt liy, ki konekte Konakri nan Ginen Franse ak anwo Nijè. Yo te itilize liy sa a sitou pou ekspòtasyon kawotchou natirèl. Apre sa, Franse yo te fè kèk ti konstwiksyon chemennfè....

Sous: Daniel R. Headrick, *The Tools of Empire: Technology and European Imperialism in the Nineteenth Century*, Oxford University Press (adapte)

9 Selon Daniel R. Headrick, ki **yon** rezon ki te fè Franse yo te konstwi chemennfè nan Afrik twopikal? [1]

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, anpil sosyete te ini epi yo te kontwole rejyon ki itilize sistèm transpò. Sistèm sa yo gen ladan *wout, kannal, ak chemennfè*.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* sistèm transpò ki endike nan kontèks istorik, epi pou *yo chak*

- Eksplike kijan plizyè sosyete te ini *epi/oswa* te kontwole rejyon yo avèk sistèm transpò a

Pa itilize sistèm wout, sistèm kannal, oswa sistèm chemennfè ki nan Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

